

SAFETY is everyone's Responsibility

UMUTEKANO W'ISHURI
UMUTEKANO KU BANA

KCS | KNOX COUNTY SCHOOLS

Umutekano ku buzima, umutekano mu buryo wiyumva, no kuri internet, ivyo vyose bituma abanyeshuri bigira ahantu hatekanye.



N'iki district y'ishuri ikora mu kurinda umutekano w'abanyeshuri?

- Gutanga milioni \$4.7 z'umutekano no kuwurinda.
- Kongera 20% abapolisi barinda amashuri.
- Amahugurwa y'aba polisi b'amashuri mu buryo bakorana n'abanyeshuri, imico itandukanye, n'uburyo bwo gukemura ingorane.
- Gukomeza no kongera uburyo bwo kwandika mw'ibanga no kumenyesha ikintu canke igikogwa cose ubona kidasanzwe canke kibuzwa umutekano.
- Gukorana n'ayandi makominoti ashinzwe gufasha abagize ihababuka mu mutwe.
- Gukoresha urubuga rw'abavyeyi bita ParentSquare, uburyo busha bwo kubabwira ibiba canke kuburira imiryango.



N'iki amashuri yacu akora mu kurinda umutekano w'abanyeshuri?

- Kongera umutekano w'ishuri ngo hataba ubugizi bwa nabi muri sisiteme na tekinoloji.
- Kongera cameras hamwe n'umutekano w'ikigo c'ishuri.
- Gukomeza sisiteme y'uburyo abantu baza kw'ishuri nuko bikogwa.
- Kugira abajanama n'aba sosiyali bo kuja bakurikira uko abanyeshuri bameze, bakanatanga ubufasha ku miryango no ku banyeshuri.
- Kurinda umutekano w'akarere k'ishuri bashiraho amategeko ku buryo bwa transport/kwiyungurura butekanye.
- Kugwanya kuzomera, akarengane, no guteganya uburyo bwo gufasha abanyeshuri.



N'iki abarimu bokora mu kurinda umutekano w'abanyeshuri?

- Gushiraho uburyo bwiza bwo kwiga mu mutekano.
- Kugira ubwumvikane bwiza bukomeye n'abanyeshuri.
- Kumenya neza ivyo bakorera ku ma kompiyuta no kuri internet.
- Gukora ihugugwa ry'ibijanye no kwiyahura hamwe n'ubufasha batanga bwose.
- Gukoresha uburyo buhumuriza mu gihe c'akababaro kenshi kandi bufasha umunyeshuri mu ngeso no mukwitwara neza.



N'iki abavyeyi bakora mu kurinda umutekano w'abanyeshuri ?

- Ico ubonye, ukivuge. Tanga raporo ku kintu kidasanzwe cose ubonye, wumvise, canke usomye, uyihe abashinzwe umuteko canke aba polisi bashinzwe kubahiriza amategeko kuri 865-594-3624 canke wandikire amashuri ya Knox County utange na raporo kuri 274637 utagomvye kwivuga. Hamagara 911 iyo hari ingorane zihutigwa canke ubona uri mu kaga gakomeye.
- Menyesha ishuri telephone yawe kandi zihindutse ubabwire kugira ngo bashobore kukubona igihe cose habaye ingorane zihutigwa.
- Mucunge umwana wanyu ivyo akorera kuri kompiyuta no kuri internet. Kompiyuta z'abana zose zirayungurura hagasigaramwo ivyo bakeneye, ariko dusaba abavyeyi gucunga ivyo baraba, bakora igihe bari kuzikoresha muhira.
- Muganiriza umwana wanyu ku bintu atagomba kuvuga, ni nk'amazina, adresi vyanyu, telephone zanyu ntazihe abandi iyo akoresha kompiyuta
- Agomba gutangura umwaka musha afise password nsha. Afate iryungane ryiza nk'akarorero "Straight A Student", mu mwanya wa password igoye. Ntiyereke abandi passwords akoresha.
- Mutegure uko abana baja kwiga mu mutekano, haba mu modoka, amaguru, canke bisi.

UBURYO BWO KUJA KW'ISHURI



Kuja kw'ishuri n'imodoka?

- Ugeze mu karere hari ishuri, gende buhoro kandi ukwirikize amategeko.
- Uhagarare igihe cose amabisi y'ishuri ahagaze afata canke azanye abanyeshuri canke igihe cose acanye amatara ya stop.
- Urabe abana, haba aho bisi zihagarara, haba mu nzira zo ku ruhande rw'ibarabara, mu mabarabara mato no muri parking.
- Nimba ukeneye gukoresha ifone uri gutwara muri zone y'ishuri, koreshe uburyo telephone uba utayifise mu maboko. Umuntu wese ari muni y'imyaka 18 abujijwe gukoresha ibintu vya electronic ari gutwara, nubwo vyoba bidakoreshwa n'amaboko.



Kugenda n'ikinga?

- Umenye neza ko umunyeshuri wawe yambaye inkofero ibigenewe, helmet.
- Uce mw'ibarabara aho ubona hari umutekano, kandi uvyigishe umwana incuro myinshi kugeza ubonye ko azi kugenda neza.



Kugenda kw'ishuri n'amaguru?

- Kuva muhira kare, gerageza ugendana n'abandi bana, wirinde kuvugisha abantu utazi.
- Igisha umwana wawe kutaja mu modoka n'imwe ari kugenda n'amaguru utarabimuhereye uruhusa, nubwo boba ari abantu azi.



Kuja kw'ishuri na bisi?

- Kugera kare aho bisi ihagarara.
- Guhagarara kure y'ibarabara nka feet 6 kandi wirinde gukina imikino mibi utegereje bisi.